

APPENDIXES


INFORMANT 1 (Mrs. Muslikah)

- Writer : Assalamualaikum.
- Informant : Waalaikumsalam.
- Writer : Sugeng enjang bu, kulo Maria saking Unika Semarang niki badhe wawancara tentang nagasari kalih njenengan. Saged nopo mboten sakniki?
- Informant : Oh, nggih saged niki. Monggo.
- Writer : Asmane njenengan sinten bu?
- Informant : Muslikah.
- Writer : Njenengan asli Desa *Sendangdawuhan* mriki?
- Informant : Nggih, kulo gedhe ten mriki.
- Writer : Oh, nggih. Tirose njenengan sering ndamel nagasari nggih?
- Informant : Nggih.
- Writer : Sampun dangu njenengan ndamel nagasari?
- Informant : Lha nggih wes bertahun-tahun niki. Awit lare kulo taseh SD nganti sepriki kulo mpun nduwe putu.
- Writer : Owalah, sampun dangu nggih.
- Informant : Hehe.. Nggih niki.
- Writer : Resepipun Nagasari njenengan angsal saking pundi bu? Saking resep buku, nopo resep turun-temurun, nopo pripun?
- Informant : Resepe seko ibu. Riyen kulo diajari ibu kulo.
- Writer : Berarti resepe mboten saking buku resep nggih?
- Informant : Nggih, niki resep asli saking ibu kulo.

- Writer : Ooo, ngoten. Lha bahan-bahan sing kedhah disiapke nopo mawon nek badhe ndamel nagasari?
- Informant : Nggih Tepung terigu, santen,gulo, gedhang kepok, uyah sithik, trus godhong pandan, trus godhong gedhang ngge mbungkus.
- Writer : Lajeng resep *nagasari* niki bade njenengan teruske ten anak nopo putune njenengan nopo mboten?
- Informant : Lha nggih tho ya, niki anak kulo sing paling gede wes tak jak rewang melu nggawe *nagasari* nek ono wong mantu.
- Writer : Oh, nggih. Ibu ndamel nagasari niki kangge acara nopo mawon?
- Informant : Nggih macem-macem rha nok, koyo hajatan mantu, hajatan khitanan, kenduri, arisan. Sing nduwe hajatan biasane njaluk tulung tonggo teparo ge ngrewangi. Nah nagasari ki mesti ono dadi yo mesti ngundang wong ge nggawe. Biasane sing diundang yo kulo, Bu Sopiah utowo Bu Jami, nek arep nagasari sing rodo kota yo ngundang Bu Yusemi, nopo Bu Wanti.
- Writer : Owalah kados niku. Berarti nek wonten acara hajatan ngoten ndamele dhaharan rame-rame buk?
- Informant : Lha nggih niku gotong royong. Tapi nggawene bedo-bedo. Ono sing masak lawuh, ono sing masak sayur, ono meneh sing nggawe snack. Nah biasane nek nggawe nagasari emang akeh sing ngrewangi. Kadang ono sing njaluk warah coro nggawe nogosari ki piye, yo karo diwarahi pas kumpul rame-rame niku.
- Writer :Ooo, nggih buk. Guyub niku. Hehe. Anu buk, sinten maleh nggih sing biasa ndamel nagasari ten mriki?

- Informant : Oh, jajal ning Bu Sopiah. Biasane kulo ndamel nagasarine bareng Bu Sop
- Writer : Oh, nggih buk, mangkeh kulo mriko. Niki wawancarane cekapke mawon nggih. Matur nuwun sanget kulo pareng ngrusuhi njenengan.
- Informant : Halah rak popo nok. Mugo-mugo bijine apik ya?
- Writer : Hehe, amiiinnn.

INFORMANT 2 (Mrs. Sopiah)

- 
- Writer : Assalamualaikum.
- Informant : Waalaikumsalam.
- Writer : Sugeng enjang bu, kulo Maria saking Unika Semarang niki badhe wawancara tentang nagasari kalih njenengan. Saged nopo mboten sakniki?
- Informant : Oh, nggih monggo, monggo.
- Writer : Asmane njenengan sinten bu?
- Informant : Bu Sopiah.
- Writer : Tirose njenengan niki sering ndamel nagasari kaliyan Bu Mus, kulo wau nembe wawancara kaleh Bu Mus.
- Informant : Nggih kulo nek ndamel nagasari nggih kaleh Bu Mus.
- Writer : Owalah, njenengan sampun dangu ndamel nagasari nopo?
- Informant : Nggih mpun sekitar 5 tahunan.
- Writer : Ooo. Lajeng resep nagasari niki saking resep turun-temurun nopo pripun?
- Informant : Nggih turun temurun niki. Mbiyen diajari simbah kalih ibu.

- Writer : Berarti resepe mboten saking buku resep nggih?
- Informant : Lha mboten tho yo. Nek nganggo buku resep malah rak mudeng. hehe
- Writer : Hehe. Ngoten tho. Lha bahan-bahan sing kedhah disiapke nek bade ndamel nagasari nopo mawon?
- Informant : Nggih werno-werno nok. Ono tepung terigu, gedhang kepok, santen, godhong pandan, gulo, uyah sithik, trus godhong gedhang ngge mbungkus.
- Writer : Nggih, oke. Terus resep nagasari niki bade diteruske maleh ten anak cucu bu?
- Informant : Lha mesti niku. Nek ora yo nagasarine punah. Hehe.
- Writer : Hehe, nggih bener. Ibu ndamel nagasari kangge acara nopo mawon?
- Informant : Yo kadang slametan, hajatan wong mantu opo hajatan sunatan, kenduri, pengajian. Wes akeh pokoke.
- Writer : Lajeng ndamele pripun niku nek kathah?
- Informant : Yo nggawene ning nggone sing nduwe gawe nok. Tur nggawene nagasari yo tergantung sing nduwe gawe meh njaluk sing nagasari lengket opo nagasari sing padet. Ning kono biasane rame soale tonggone yo melu rewang. Dadi nggawene bareng-bareng wong akeh. Kadang yo karo ngajari ibu-ibu sing pengen biso nggawe nagasari.
- Writer : Walah, ngoten tho. Berarti nek wonten sing mantu nopo acara liyane, mesti do ngumpul trus melu rewang?
- Informant : Lha nggih. Tapi biasane sing teko rewang yo sing dikon thok. Nek sing ora dikon yo teko pas hari H thok.

- Writer : Ooo, nggih. Niki sinten maleh nggih buk sing saged kulo wawancarai maleh?
- Informant : Ooo, kae jajal ngone Bu Yus, Kae suk nggawe nagasari tapi versi kota, dadi luwih modern.
- Writer : Oh, nggih buk. Niki wawancarane cekap sementen mawon nggih. Matur nuwun sanget buk sampun pareng ngrusuhi njenengan.
- Informant : Halah rak popo nok.

INFORMANT 3 (Mrs. Yusemi)

- Writer : Selamat Pagi buk.
- Informant : Oh iya, selamat pagi.
- Writer : Saya Maria dari Unika Semarang, mau wawancara ibu tentang nagasari. Ibu bersedia?
- Informant : Oh iya iya. Silahkan.
- Writer : Oke, saya mulai ya buk, Nama ibu siapa?
- Informant : Bu Yusemi Waryanti
- Writer : Bu Yusemi nggih, Ibu sudah lama tinggal disini?
- Informant : Iya saya lahir disini mbak, tapi setelah menikah saya pindah ke kota lain karena suami dinas disana. Terus pas udah pensiun pulang sini lagi.

- Writer : Ooo, gitu. Oiya, saya kemarin wawancara Bu Sopiah tentang nagasari, lalu saya direkomendasikan oleh beliau untuk wawancara ibu. Benar ibu sering membuat nagasari?
- Informant : Ya, lumayan. Biasanya buat acara kenduri, walimahan, khitanan, arisan, atau kadang dapet pesenan dari tetangga desa.
- Writer : Ooo, iya iya. Sudah lama buk bikin nagasari?
- Informant : Ya udah lama mbak. Kalo dihitung ya kurang lebih 20 tahunan.
- Writer : Wah, lama juga ya. Terus untuk resepnya ibuk dapet dari buku resep atau resep turun-temurun buk?
- Informant : Oh, itu resepnya dulu saya dapat dari buku resep pas ada lomba PKK.
- Writer : Oh iya. Bahan-bahan buat bikin nagasari apa aja bu?
- Informant : Ya, ada tepung beras, santan, gula, sedikit garam, pisang kepok, daun pandan biar wangi. Sama daun pisang buat pembungkusnya.
- Writer : Oh, gitu. Kemaren pas saya wawancara Bu Mus sama Bu Sop kok pakenya tepung terigu ya buk?
- Informant : Nah, itu yang bikin beda. Kalo resep desa sini pakenya emang tepung terigu, sedangkan kalo resep yang saya pelajari dulu pakenya tepung beras. Cara masak nya juga beda. Cara masak saya kan diaduk rata bahan adonannya trus dimasak sampe membentuk adonan, baru diisi pisang terus dimasak. Kalo resep desa sini campuran adonan itu langsung diisi pisang lalu dikukus, jadi masaknya cuman sekali, kan kalo saya masaknya dua kali.

Writer : Owalah, gitu ternyata. Lalu menurut ibu gimana caranya agar jajanan tradisional khususnya nagasari bisa tetep eksis?

Informant : Ya, kalo menurut saya anak-anak muda kayak mbaknya ini mulai mengenal dan mendalami lagi jajanan-jajanan tradisional ini. Masa orang tua2 terus yang masak. Gantian yang muda juga dong.

Writer : Kalo saya ya mau-mau saja buk, kalo bisa malah tak bawa ke luar negeri. Hehe.

Informant : Hahaha, oke mbak. Sama ini juga, sering-sering masak-masak PKKnya, biar ibu-ibu disini bisa belajar tentang cara pembuatan makanan tradisional, terus diajarin ke anak-anaknya.

Writer : Saya setuju buk. Hehe. Mungkin wawancaranya kita cukupkan sampai disini aja ya buk. Terimakasih banyak sudah bersedia meluangkan waktunya untuk saya wawancarai.

Informant : Iya sama-sama ya mbak.

Doc vs Internet + Library

96.53% Originality

3.47% Similarity

163 Sources

Web sources: 90 sources found

1. https://dailycookingquest.com/nagasari-coconut-and-rice-flour-cake-stuffed-with-saba-banana.html	0.81%
2. http://eprints.radenfatah.ac.id/1021/1/SHOLIHATUN%20%28212250127%29.pdf	0.28%
3. http://lib.unnes.ac.id/26379/1/full.pdf	0.26%
4. http://repository.uinjkt.ac.id/dspace/bitstream/123456789/10331/1/ALIFA%20KARLINA-FAH.pdf	0.2%
5. https://iproject.com.ng/accounting/relevance-of-cost-accounting-information-for-management-decis...	0.18%
6. http://no1homeworkhelp.com/samples	0.18%
7. http://ijens.org/Vol_17_I_06/172606-3131-IJBAS-IJENS.pdf	0.17%
8. https://www.coursehero.com/file/p7sijb12/lt-also-gathered-information-about-the-factors-responsible..	0.17%
9. https://www.projectwriters.ng/impact-staff-motivation-the-academic-performance-secondary-school...	0.17%
10. https://www.grossarchive.com/upload/1414839523.htm	0.17%
11. http://seahipaj.org/journals-ci/mar-2018/IJIFER/full/IJIFER-M-7-2018.pdf	0.15%
12. https://digitalcommons.liberty.edu/cgi/viewcontent.cgi?article=1475&context=doctoral	0.15%
13. https://blablawriting.com/library-system-thesis-essay	0.15%
14. https://educheer.com/reviews/library-system-thesis	0.15%
15. https://www.easyprojectmaterials.net/category/banking-and-finance-project-material-sample/page...	0.15%
16. https://core.ac.uk/download/pdf/35393181.pdf	0.15%
17. http://digitalcommons.liberty.edu/cgi/viewcontent.cgi?article=1949&context=doctoral	0.15%
18. http://lib.dr.iastate.edu/cgi/viewcontent.cgi?article=4017&context=etd	0.15%
19. https://www.paperdue.com/topic/crack-cocaine-essays	0.15%
20. https://www.paperdue.com/topic/employee-turnover-essays	0.15%
21. https://www.uleth.ca/dspace/bitstream/handle/10133/962/Berkner_Gail.pdf?sequence=1&isAllowe...	0.15%
22. http://scholarworks.waldenu.edu/cgi/viewcontent.cgi?article=1451&context=dissertations	0.15%
23. http://www.a-erickson.com/wp-content/uploads/2014/05/Adam-M-Erickson-December-2012-PHP-D.	0.15%
24. http://www.nerdybracket.com/objectivesgeneralthe-stud	0.15%
25. https://www.grossarchive.com/project/3736/USE-OF-INSTRUCTIONAL-MATERIALS-IN-TEACHI...	0.15%
26. https://www.paperdue.com/topic/career-research-essays/14	0.15%
27. http://rn-journal.com/journal-of-nursing/early-vs-later-rhythm-analysis-quantitative-critique	0.15%
28. http://daniellecopperman.com/all-posts	0.15%
29. http://www2.uwstout.edu/content/lib/thesis/1999/1999flanum.pdf	0.15%
30. http://dspace.univ-biskra.dz:8080/jspui/bitstream/123456789/5837/1/OTHMANE%20MERIEM.pdf	0.15%
31. https://www.grin.com/document/284724	0.15%
32. https://www.iproject.com.ng/business-admin-and-management/effect-of-leadership-style-on-worke..	0.15%
33. https://www.termpaperwarehouse.com/essay-on/Recommendation-Ikea-s-Brand-Relationship-Wit...	0.15%
34. https://www.ideals.illinois.edu/bitstream/handle/2142/31054/Roeger_Elizabeth.pdf?sequence=1	0.15%

 Similarity Similarity from a chosen source Possible character replacement Citation References